


BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Desain Panalungtikan

Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta metode déskriptif. Métode déskriptif numutkeun Fathoni (2006:97) nyaéta panalungtikan nu miboga maksud ngayakeun pamariksaan jeung pangukuran-pangukuran kana hiji kajadian nu tangtu. Luyu jeung naon nu diungkarakeun di luhur, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun mariksa jeung maluruh rumpaka Cianjuran Wanda Rambatan kalayan ngagunakeun tilikan Struktural jeung Sémiotik.

Desain dina ieu panalungtikan déskriptifna bisa dibagankeun saperti ieu di handap:



Gambar 3.1
Desain Panalungtikan


Dina desain di luhur bisa katitén yén Cianjuran miboga dua tilikan nyaéta tiori jeung émpiris. Wanda saméméhna saperti *papantunan*, *jejemplangan*,


dedegungan, rarancangan, kakawén jeung *panambih* geus asup kan kajian tiori. Hartina, lamun urang ngulik perkara Cianjuran, moal jauh ti genep wanda éta.

Luyu jeung kamekaran jaman, Cianjuran miboga deui wanda anyar nyaéta wanda *rambatan*. Ieu tangtuna rada hésé dikaji ku tiori. Ku kituna ieu wanda ditilik tina kajian émpiris. Ayana kajian émpiris ngabuktikeun yén dina kanyataan ayeuna, Cianjuran ngalaman parobahan, ieu kasenian geus nambahan wanda.

Rumpaka Cianjuran wanda *rambatan* dina ieu panalungtikan rék dikaji ku tilikan struktur jeung sémiotik. Kajian struktur tangtuna bakal ngaguar rumpaka maké péso analisis ISIM STG (imaji, simbol atawa lambang, musikalitas, suasana, téma, jeung gaya basa). Kitu deui kajian sémiotik bakal maké péso analisis indéks, ikon jeung simbol. Hasil dina ieu panalungtikan baris dijadikeun bahan ajar ngaregepkeun luyu jeung standar kompetensi jeung kompetensi dasar pangajaran basa Sunda.

Ieu panalungtikan miboga léngkah-léngkah dina prakna. Anapon éta léngkah-léngkah bisa ditingali ieu di handap.





Gambar 3.2
Léngkah-léngkah Panalungtikan

3.2 Wangenan Operasional

Sangkan leuwih jéntré tur nyingkahan ayana salah tapsir ti nu maca, ku kituna baris didadarkeun ngeunaan wangenan operasional tina variabel, diantarana:

- 1) Rumpaka Cianjuran nyaéta téks tembang nu puguh pupuhna tapi dina nyoarakeunana deukeut kana sora nu mantun.
- 2) Wanda rambatan nyaéta pamekaran tina seni Tembang Sunda Cianjuran tapi teu ngaleungitkeun ornament nu aya dina Cianjuran. Wanda Rambatan mangrupa lagu cipta inovasi anyar nu nyoko dina titincakan wanda Cianjuran
- 3) Ubun Kubarsah nyaéta tokoh nu milu mekarkeun tembang. Anjeunna ngaalpukahan gumelarna wanda Rambatan nu asalna disebut sekar anyar.
- 4) Bahan pangajaran nyaéta saperangkat matéri pangajaran anu rék ditepikeun dina kagiatan pangajaran di kelas nu dina ieu hal dipuseurkeun kelas XI.
- 5) Ngaregepkeun nyaéta salasihiji tina opat kaparigelan basa nu sipatna narima.
- 6) Struktural nyaéta tata hubungan antara bagian-bagian hiji karya jadi gemblenganana.
- 7) Semiotik nyaéta élmu ngeunaan tanda-tanda atawa pemahaman ma'na karya sastra ngagunakeun tanda.

Cindekna, rumpaka Cianjuran wanda Rambatan sanggian Ubun Kubarsah pikeun Bahan Pangajaran Ngaregepkeun di SMA (tilikan Struktur Semiotik) nyaéta téks tembang dina Cianjuran wanda anyar teu ngaleungitkeun ornamén nu aya dina Cianjuran nu disanggi atawa dijieun lagu ku Ubun Kubarsah salaku tokoh nu milu ngamekarkeun seni Tembang nu rék dijadikeun matéri pangajaran saméméh ditepikeun dina kagiatan pangajaran ngaregepkeun kalayan tilikan kana struktur rumpakana nu miboga tata hubungan antara bagian-bagianana jeung tanda-tanda nu nyampak kalayan tilikan sémiotik.

Dimas Patria, 2012

Tilikan Struktural Jeung Semiotik Kana Rumpaka Cianjuran Wanda Rambatan Sanggian Ubun Kubarsah Pikeun Bahan Pangajaran Ngaregepkaeun Di SMA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

3.3 Instrumen Panalungtikan

Instrumen diperlukeun pikeun meunangkeun data. Dina hal ieu instrumen mangrupa alat nu bakal dipaké pikeun maluruh data nu bakal ditalungtik. Instrumen dina ieu panalungtikan maké sistim tabulasi/tabél.

Sistim tabulasi dipaké pikeun nganalisis jumlah pada jeung padalisan, imaji, simbol atawa lambang, musikalitas, suasana, téma, gaya basa, indéks, ikon jeung simbol dina rumpaka. Alesanana nyaéta sangkan babari dina nganalisis data jeung nyieun kacindekan. Anapon tabél nu dipaké saperti ieu di handap.

a) Struktur Rumpaka

Tabél 3.1

Jumlah Pada jeung padalisan

| No. | Kode Rumpaka | Judul Rumpaka | Jumlah Pada | Jumlah Padalisan |
|------------|---------------------|----------------------|--------------------|-------------------------|
| (1) | (2) | (3) | (4) | (5) |
| | | | | |

Tabél 3.2

Interpétasi kana Imaji

| No. | Kode Rumpaka | Référénsi | Imaji |
|------------|---------------------|------------------|--------------|
| (1) | (2) | (3) | (4) |
| | | | |

Tabél 3.3
Interpétasi kana Musikalitas atawa Wirahma

| No. | Kode Rumpaka | Wirahma | Interpretasi |
|-----|--------------|---------|--------------|
| (1) | (2) | (3) | (4) |
| | | | |

Tabél 3.4
Interpétasi kana Suasana

| No. | Kode Rumpaka | Suasana | Interpretasi |
|-----|--------------|---------|--------------|
| (1) | (2) | (3) | (4) |
| | | | |

Tabél 3.5
Interpétasi kana Téma

| No. | Kode Rumpaka | Téma | Interpretasi |
|-----|--------------|------|--------------|
| (1) | (2) | (3) | (4) |
| | | | |

Tabél 3.6
Interpétasi kana Gaya Basa

| No. | Kode Rumpaka | Gaya Basa | Interpretasi |
|-----|--------------|-----------|--------------|
| (1) | (2) | (3) | (4) |
| | | | |

b) Tilikan Sémiotik

Tabél 3.7
Interpétasi kana Ikon

| No. | Kode Rumpaka | Référénsi | Interpretasi |
|-----|--------------|-----------|--------------|
| (1) | (2) | (3) | (4) |
| | | | |

Tabél 3.8
Interprétasi kana Indéks

| No. | Kode Rumpaka | Référénsi | Interprétasi |
|-----|--------------|-----------|--------------|
| (1) | (2) | (3) | (4) |
| | | | |

Tabél 3.9
Interprétasi kana Simbol

| No. | Kode Rumpaka | Référénsi | Interprétasi |
|-----|--------------|-----------|--------------|
| (1) | (2) | (3) | (4) |
| | | | |

Husus pikeun simbol atawa lambang, tabélna ngahiji jeung simbol sémiotik lantaran sarua bahasanana.

3.4 Téhnik Panalungtikan

Téhnik panalungtikan anu digunakeun dina ieu panalungtikan baris dipedar ieu di handap.

3.4.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta téhnik ulikan pustaka jeung analisis téks. Fathoni (2006:95) nétélakeun yén téhnik talaah pustaka mangrupa panalungtikan nu dilakukeun di ruang pabukon pikeun maluruh jeung nganalisis data nu sumberna ti pabukon. Ieu panalungtikan dilaksanakeun ku cara neuleuman buku-buku sumber anu aya pakuat pakait jeung konsép teoritis katut bahasan pasualan panalungtikan.

Dimas Patria, 2012

Tilikan Struktural Jeung Semiotik Kana Rumpaka Cianjuran Wanda Rambatan Sanggian Ubun Kubarsah Pikeun Bahan Pangajaran Ngaregepkaeun Di SMA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

Ngaliwatan téhnik analisis téks, bahan anu geus dikumpulkeun téh tuluy dianalisis jeung diteuleuman nepi ka kapanggih hubunganana jeung jejer pasualan anu ditalungtik sakumaha anu geus disebutkeun dina rumusan masalah.

Téhnik ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta:

- 1) nyalin rumpaka tina album “Regas” ku cara diketik deui;
- 2) méré kode kana rumpaka tembang, pada jeung padalisanana
Kode A: Rumpaka lagu (kode ti A nepi ka T)
1:1 (pada: padalisan);
- 3) data dianalisis tuluy dipilah kana tabél nu geus dijieun.

3.4.2 Téhnik Ngolah Data

Data nu geus kapanggih, saterusna diolah make téhnik-téhnik anu geus dipedar di luhur. Anapon léngkah-léngkahna nyaéta:

- 1) ngadéskripsikeun, nganalisis struktur, jeung néangan tanda kalayan tilikan semiotik dina rumpaka Cianjuran wanda rambatan Sanggian Ubun Kubarsah;
- 2) nyieun bahan pangajaran tembang dina wangun patalékan-patalékan nu ngirut siswa sangkan bisa nyangkem eusi rumpaka;
- 3) nyusun kacindekan hasil panalungtikan jeung saran.

3.5 Sumber Data Panalungtikan

Sumber data dina ieu panalungtikan nya éta rumpaka Cianjuran wanda Rambatan sanggian Ubun Kubarsah dina album “Regas”.

Dimas Patria, 2012

Tilikan Struktural Jeung Semiotik Kana Rumpaka Cianjuran Wanda Rambatan Sanggian Ubun Kubarsah Pikeun Bahan Pangajaran Ngaregepkaeun Di SMA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

Tina ieu album, kapaluruh aya sapuluh lagu. Sakumaha geus dipedar dina bab II, wanda *rambatan* teu bisa dipisahkeun antara mamaos jeung panambihna. Jadi upama ditilik tina rumpakana aya 20. Tina dua puluh lagu éta sapuluh di antarana mamaos jeung sapuluh deui mangrupa panambihna.

